

# Toponimi Masyarakat Sunda:

## Tina ma'na nu kaguar, harti nu kasungsi

Ku: Dédékosasih\*

### A. PURWAWACANA

Toponimi téh mun ditilik tina jihat *etimologisna*, asal tina kecap *topo* nu hartina tempat jeung *nimi* nu hartina ngaran. Jadi, sacara *terminologis* toponimi téh ngandung harti panataan ngaran-ngaran patempatan.

Nurutkeun kajian *folklore*, toponimi téh séké sélér tina élmu onomastika (*onomastics*), anu ulikanana ngawengku di antarana baé: méré ngaran jalan, ngaran atawa jujuluk jalma, ngaran kadaharan, ngaran bubuahan kaasup asal-usul (legénda) ngaran hiji tempat dumasar kana 'sajarah' ngajanggélékna.

Nataan ngaran tempat tangtu bakal loba rambat kamaléna lantaran ngajujut ngaran tempat mah teu cumpon ku nyawang ngan tina salah sahiji aspék baé. Nya sawadina kudu dijujut deuih rupa-rupa informasi nu nyampak disatukangeun kaayaan éta tempat. Kumaha pakuat-pakaitna antara ngaran tempat jeung éta informasi?

Ngaguar konsép toponimi (régionalisasi) ngeunaan tempat di hiji wewengkon téh dina enasnasna mah baris niténan ogé kumaha éta masarakat ngawangun jati dirina (*inner world*) jeung kumaha nyumiratkeun komarana ka dunya luar (*out world*). Kitu deui, ngaran patempatan téh bisa ogé ngarépresentasikeun kaayaan nu sabenerna, atawa sabalikna. Lantaran dina émprona mah mungguh éta ngaran téh teu parok jeung kaayaan nu sabenerna. Parandéné kitu, ésénsi dina ulikan toponimi nu sabenerna mah lain ngan ukur sakadar artikulasi.

### B. ASPEK JEUNG POLA TOPONIMI

Informasi nu patali jeung ngaran tempat téh ngandung sababaraha informasi, sacara umum ngurung 3 aspek: 1) *aspek fisik*, 2) *aspek sosial* jeung 3) *aspek kultural*

#### 1. Aspek Fisikal

Geus jadi kudrat, kangaraning manusa éstu gumulung jeung lemburna, suméndér kana alam sabudereunana.

Aworna manusa jeung lingkunganana téh tétéla lain ngan saukur pikeun nyumponan pangabutuhna wungkul, tapi pikeun maliré jeung makihikeun éta lingkungan deuih, nu nétélakeun yén manusa téh bagian tina lingkungan. Pon kitu deui mun disawang tina jihat séjénna, lingkungan sabudereunana téh minangka bagian tina dirina. Ku kamotékanana, manusa téh diperedih milu masieup lingkunganana luyu jeung kamampuhna.

Kamampuh manusa pikeun makihikeun jeung ngaropéa lingkungan téh ngindung kana kabudayaan nu dipibandana. Malah bisa disebutkeun, manusa, kabudayaan jeung lingkungan téh éstuning gumulung, dalit lir gula jeung amisna. Mun cék Slotkin téa mah "*the organism and its environment must be suited to each other*". Jadi, tétéla hubungan silih untungkeun (*simbiosis mutualisme*) ti antara manusa jeung alam sabudereunana téh pohara perluna. Cindekna, sangkan mahluk hirup bisa tetep renggenek minangka bagian integral tina lingkunganana, tinangtu kudu bisa nyaluyukeun dirina jeung lingkunganana.

Urang Sunda (baheula) téh éstu gumulung jeung lemburna, suméndér kana alam sabudereunana. Mun dijujut, di urang (Tatar Sunda) teu saeutik ngaran tempat nu diasosiasikeun jeung rupa-rupa fénoména alam (*setting fisik*) nu nyampak jeung pernah aya. Demi fénoména alam téh bisa ngawengku aspék *hidrologis*, aspék *géomorfologis* (kontur permukaan taneuh) jeung aspék *biologis*.

Lian ti éta, aya 2 rupa pola nu maneuh raket jeung asosiasi, biasana ku cara matalikeun ngaran tempat jeung fénoména alam téa.

Éta pola téh bisa dicirian ku: kahiji, *pola linier* nyaéta ngaran tempat sacara langsung diadaptasi tina fenomena alam. Ari nu dimaksud pola nu kadua, *pola barung* nyaéta ngaran tempat nu dicokot tina dua atawa leuwih fenomena alam nu digumulungkeun jadi hiji ngaran (konsép).

#### a. Unsur Hidrologis

Ngaran patempatan nu ngindung kana aspék hidrologis di urang mah teu wudu beungharna. Nginjeum istilah Karl A. Wittfogel (urang Jerman), urang Sunda téh kakolomkeun kana *hydrolic society*, nyaéta masarakat nu teu leupas tina cai. Ari kituna mah geus pada-pada maphum yén tanah Sunda téh cenah kawentar daérah nu subur ma'mur. Ari salasihiji ciri suburna taneuh téh nyaéta ku cur-corna cai. Dina taun 70-an MAW Brouwer kungsi ngasongkeun statemen cenah diciptakeunana Tatar Sunda ku Gusti Alloh téh ngadamelna ogé bari "marahmay, tur imut ngagelenyu".

Aspek hidrologis nu patali jeung dina **pola linier**, ngaran *Andir* upamana. Éta kecap téh seuhseuhanana mah kalawan torojogan diadaptasi tina talajak alam aspék hidrologis, anu saharti jeung huluwotan (*springs*), *séké* atawa *cinyusu*. Nu matak di urang dipikawanoh istilah *ngandir* nu hartina néang cai. Conto nu pakait jeung aspek hidrologis séjénna: *Coblong/Ledeng, Empang, Parigi, Dano, Bendungan, Léngkong, Parung, Dermaga, Parakan, Bojong, Talaga, Brebes, Sérang, Ranca(h), Setu (Situ), Empang, Babakan, Bantar/Parung, Balongan, Léngkong, Karéés(babagian walungan nu déétna sarta dasarna cadas lamun ditincak sok leueur), Bubulak, Tonjong(Sunda, leuwi jero) (Tajung), Sodong(Sédong), Sagara (Jagara) jsté*.

Demi aspek hidrologis nu patali jeung **pola barung**, lantaran gabungan téa tina dua aspek atawa leuwih (aspek hidrologis jeung aspék séjén kaasup rupaning istilah) di antarana: ci(cai): Ci-malaka; séké: Sékéloa; leuwi: Leuwidaun; curug: Curugsigay; bantar: Bantarmara; muara: Muararajeun; balong: Balonggedé; sawah: Sawahkurung; parakan: Parakansaat; situ: Situaksan; émpang: Émpangsari; solokan: Solokanjeruk; kali: Kalipucang; karang: Karangnini; ranca/rawa: Rancapurut, Rawa-badak; sagara: Sagaraanakan; sumur: Sumurbarang; talaga: Talagawarna; tambak: Tambaksari; parigi: Parigimulya jrrd.

#### b. Unsur Géomorfologis

Lian ti aspék hidrologis, ngaran tempat téh sok dipatalikeun ogé jeung aspék géomorfologis (dumasar kana kontur permukaan bumi) deuih. Ari **pola linier** nu patali jeung aspek géomorfologis di antarana: *Punclut/Penclut, Tegal, Genténg, Karéés, Lebak, Legok, Lamping, Punclut/Ponclot, Talun* (kebon tatangkalan), *Tajur* (kebon bubuahan), jsté.

Sedengkeun nu ngindung kana **pola barung**, *Lemah Neundeut*, upamana. Éta ngaran téh diadaptasi tina kaayaan lemah (taneuh) anu neundeut akibat ayana rohang di jero taneuh anu kosong (téktonik) nu ahirna ngareunteutkeun struktur taneuh. Conto-conto séjénna ngaran tempat nu diadaptasi tina aspék géomorfologis nu ngindung kana pola nu kadua, upamana baé: tina kecap tegal jadi ngaran *Tegalkalong*; kebon: Kebonjukut; cadas: Cadasngampar; pasir: Pasirjati; batu: Baturéok; guha: Guhapawon; legok: Legokhuni; bojong: Bojongméron; ujung: Ujungkulon; geger: Gegerkalong; tanjung: Tanjungsari; pulo: Pulomajeti: péngkolan, *Pengkolan Asem*, tanjakan; Tanjakan Émén, lebak: Lebaksiuh jrrd.

Kasus nu spésifik, deskripsi ngaran tempat nu patali jeung aspék géomorfologis bakal leubeut kapanggih di daérah pakidulan Tatar Sunda nu manjang ka tébéh wétan. Éta tempat téh mangrupa kawasan pagunungan anu katelah *Southern Mountains*, nu nuduhkeun hiji daérah pagunungan (*non vulkanik*). Tina kontur taneuh modél kitu munasabah mun di éta tempat loba nu dicokot tina talajak alam. Kota Tasikmalaya, apan salah sahiji cirina loba ngaran tempat nu maké ngaran gunung, nepi ka sohor ku jujuluk *the ten thousand hill of Tasikmalaya*. Kesan pernah ayana talajak alam modél kitu téh bisa diidentifikasi ngaliwatan ngaran tempat nu maké kecap *gunung*. Upamana bagian wilayah kota nu dibéré ngaran: *Gunung sabeulah, Gunung lipung, Gunungroay, Gunung sari, Gunung gadog, Gunung pereng, Gunung awi, Gunung jambé, Gunung putat, Gunung kiCau, Gunung Pongpok* jrrd.

### c. Unsur Biologis

Panataan tempat nu patali jeung aspek *biologis* sok dipatalikeun jeung lingkungan alam (sistem ékologis) nu aya di sabudeureunnana. Ngaran tempat biasana dicirian atawa ngarujuk kana aspek flora jeung fauna.

#### - Flora

Aspek *flora* dirujuk ku tangkal atawa tutuwuhan nu aya atawa nu kungsi hirup di éta tempat. Aspek biologis dina wangun flora nu patali jeung **pola linier**, *Kosambi* upamana. Mungkin baé éta tempat téh harita mah can boga ngaran. Pikeun kapentingan nuduhkeun éta tempat, kabeneran deuih di dinya téh aya tangkal *kosambi* nya tuluy ditarelah baé ngaran Kosambi, malah nepi ka ayeuna. Di tatar Sunda bawirasa asa loba pisan ngaran tempat nu maké ngaran tutuwuhan/tangkal tina pola linier. Éta ngaran-ngaran tutuwuhan/tangkal téh karékam, saperti ngaran: *Ambit, Balingbing, Baros, Bayongbong, Bencoy, Benda, Bihbul, Binjai, Binong, Bintaro, Bogor, Bunar*(*awi tamiang*); *Bungbulang, Bungur, Calingcing, Campaka, Cangkring, Cangkuang* (Sejenis Pandan), *Caringin, Cariu, Cemara, Cempaka, Coklat, Dangdeur, Darangdan, Dukuh, Gadog, Gambir, Gandasoli, Garut, Gebang, Gempol, Gintung, Godobos, Gombong, Gorda(h), Hanja, Haramay, Jamblang, Jambu, Jampang, Jati, Jayanti, Jingsang, Junti, Kamal, Kareumbi, Katapang, Kawista, Kedawung, Kirisik, Koja, Kondang, Kopo, Kosar, Kranji, Kroya, Lembang, Loa, Maja, Manglid, Menteng, Palasari, Paséh, Pedes, Petir, Rambutan, Sadang, Sawit, Semanggi, Sentul, Soklat, Surian* (*Suren*), *Takokak, Tanjung, Warakas, Jrdd.*

Demi aspek flora nu patali jeung **pola barung**, nyaéta: *Sampuréndéng, Haurkonéng, Kadu Pandak, Buahdua, Warudoyong, Kalapanunggal, Kasomalang, Kiaracondong, Gintunglempeng, Jatitujuh, Kawungluwuk, Pakuhaji, Kadungora, Rengasdengklok, Junti Nyuat, Rangkas Bitung, Kiara Eunyeh, Kadu Dampit jrdd.* Kaasup ngaran tempat séjénna, *Dungusmaung* (dungus atawa rungkun; maung), *Leuweungtiis* (leuweung; tiis (aspék klimatologis)), jrdd.

#### - Fauna

Aspek fauna (sato) nu kapanggih dina toponimi *pola linier* mah kaitung kurang atawa teu produktif, contona: *Sanca, Betok, Tambun, Merak, Pacét, Tomang, Caricangkas, Blanakan*. Pola *barung* dina ieu aspek baris kapanggih: *Cimaung, Rawalélé, Rancabadak jrdd.*

## 2. Aspék Sosial

Ngaran tempat nu dicokot tina aspék sosial? Ngaran *Banceuy* (lebah alun-alun Bandung beulah kalér) upamana. *Banceuy* téh sacara étimologis ngabogaan harti kompléks kuda, kaasup istal jeung nu ngurusna. Ieu patempatan téh gelarna sabada aya jalan raya pos (Grote Postweg) nu ngambat ti Anyer ka Panarukan téa. Ieu Banceuy téh sok dipaké tempat pangreureuhan atawa bagantina kuda pikeun kapentingan transportasi jeung kaperluan pos (pasuratan) harita. Mun aya surat atawa barang ti Batawi kudu dianteurkeun ka Semarang, nya tangtu baé moal kuateun mun kudu meleter kuda hiji nepi ka Semarang. Munasabah pisan upama ngaran Banceuy téh aya méh di tempat (kota) nu kaliwatan ku éta jalan.

Conto séjén, *Balubur*. Apan éta ogé teu leupas tina aspék sosial jaman pangawulaan. Harita balubur téh ngaran tempat aya dina kakawasaan bupati (boga hak istimewa). Mun cara ayeuna mah meureun sarua jeung kompléks perumahan pejabat (para menak) kabupatén. Conto séjénna nu patali jaman pangawulaan: *Patrol, Karéés, Régol, Pamager sari, Pungkur jsté.*

- Ngaran tempat nu patali jeung ngaran patukangan: *Sayang, Gending, Gosali, Panday, Maranggi, Palédang, Kamasan, Kaléktoran*
- Ngaran tempat nu patali jeung lembur: *Tarikolot, Babakan, Mandala,*
- Ngaran tempat nu pakait jeung patali marga: *Kereteg, Rawayan, Cukang* (Kawung, Awi), *Érétan, Compréng jsté.*
- Ngaran tempat nu patali jeung person(al) : *Komsén, Mahmud, Halim, Husén, Asep Berlian, Siti Munigar jrdd.*
- Ngaran tempat nu patali jeung kagiatan ekonomi: *Warung peti, Warung togé, Warung kadu*
- Ngaran tempat nu patali jeung waktu: *Heubeul Isuk, Windu Janten,*
- Ngaran tempat nu patali jeung pakakas: *Tomo (pendil), Jantra, Pancurendang,*

- Ngaran tempat nu patali jeung lokasi/tempat spesifik: *Pamijahan, Pakemitan, Pangepokan, Pangungsi*
- Ngaran tempat nu patali jeung ekspektasi/Harepan: *Sukasenang, Sukamulya, Sukahurip*
- *Ngaran nu patali jeung wawangunan: loji (benteng) terus jadi kantor admin Kumpeni tuluy dipungsikeun keur gudang saperti kopi jsb., pabrik es*

### 3. Aspek Kultural

Ari *setting kultural* nyaéta ngurung kana ngaran tempat nu dipatalikeun jeung unsur-unsur gagasan atawa ide saperti: aspék *mitologi, folklore, sistem religi* (kapercayaan) masarakatna jsté. Najan dina émprona mah aspék kultural téh dalit jeung seting sosial. Saupama ngajuju tempat, teu kakobét ku cara boh *setting fisik*, boh *setting sosial* nya tarékah pamungkas téh maké *setting kultural*. Lamun loba ngaran tempat/kota di tatar Sunda nu teu bisa dijujut maké perspektif fisik, nya wayahna kudu dibantuan ku mitologi, folklore jeung sistem kapercayaan. Majaléngka pan ngaitna téh jeung mitologi *Nyi Rambut Kasih*, Bandung nyantélna jeung carita *legénda Sangkuriang*, Sumedang jeung étimologi *Insun Medal* jsté. Lantaran dina nyukcruk ngaran tempat, informasina téh biasana nyamuni disatukangeun budaya nu jadi bagian integral tina kahirupan masarakatna.

Nyukcruk sarsilah ngaran saperti: *Plumbon, Karapyak, Palimanan, Kediri* (di Subang) jsté., mun kurang-kurangna urang teu apal kana kasangtukang budaya, tangtu bakal lebeug, bakal poékkeun. Nya cara maluruhna, kahiji ku jalan mesék éta kecap sacara *étimologis*, nu kadua dipatalikeun jeung aspék sosial budaya jaman harita ngeunaan éta tempat.

Ngaran tempat *Palimanan*, upamana. Naon sababna bet dingaranan Palimanan? Singhoréng aya sasakalana. Kecap Palimanan téh sacara étimologis asal kecap tina *liman* (Kawi) nu hartina gajah, dibéré rarangkén barung (konfiks) pa-an nu hartina tempat. Sabada dirarangkan éta kecap ngandung harti tempat nu dicicingan ku gajah. Ceuk légegna mah komplék gajah.

Naha maké aya gajah di éta tempat? Demi kota Palimanan, aya di daérah bawahan karajaan Cirebon (Sultan Cirebon). Ari Sultan téh nya raja téa. Demi nu jadi raja harita, (patalina jeung kontéks sosiokultural mitis-magis) boga anggapan yén miara gajah (*satwa kalangenan*) mangrupa salahsahiji kasaktén anu gedé pisan pangaruhna kana kalungguhan jeung komara éta raja. Nurutkeun B. Anderson dina seuhseuhanana tradisi pikiran politik Jawa (Sunda) kacida muhit jeung mentingkeunana kana kamampuh museurkeun kasaktén. Tah lebah miara satwa di lingkungan karaton/karajaan, dianggap bisa népakeun karakter nu sarua ka raja. Mawat gajah (salaku mitos) dipercaya bisa ngalambangkeun kaagungan, kakuatan sarta kasaktén éta raja/sultan.

### C. WARNANING TOPONIMI

- Dédéngéan : *Haurseah, Curugséah*
- Tetempoan : *Tanjakan Tembong Kanjut, Jetak (JTX), Asem Régés, Renghasdengklok, Kiaracandong, Gintung Lempeng,*
- Obah awak : *Kojéngkang, Dépok*
- Waktu : *Heubeul Isuk,*
- Aambeuan : *Legok Hangseur, Cihanyir*

### D. UNAK ANIK KATUT PASUALAN DINA TOPONIMI

Tina pedaran di luhur, katitén yén ngaran-ngaran pilemburan husus di Tatar Sunda teu sagawayah. Unggal ngaran tempat téh ngabogaan kasangtukang kasajarahana (sasakala) nu patali jeung *setting fisik, setting sosial jeung setting kultural*. Nya kekecapan karuhun urang yén *lembur matuh, dayeuh maneuh banjar karang pamidangan* téh ninggang dina kekecekrék.

Panataan jeung mutalaah konsep toponimi, tétéla geuning lain ngan ukur nyungsi harti jeung ngaguar ma'nana éta tempat sacara fisik baé, tapi nu leuwih jembar deui utamana urang baris apal kana rupaning informasi (sacara sosiokultur) hiji masarakat katut ajén-inajénna, saperti kasus *Tanjakan Émén*.

Konsep toponimi atawa panataan tempat téh bisa dijadikeun calecer atawa pituduh kumaha hiji masarakat ngaékspresikeun citra dirina (*inner world*) jeung nyumiratkeunana ka luar. Pola dina toponimi bisa dijadikeun indikator ideologis hiji masarakat, nu ngawengku ajén-inajén nu dianutna sarta keyakinan, kearifan (*wisdom*) jeung pangaharepan (*expectation*) yén éta tempat téh luyu jeung tungtutan (pangharepan) masarakatna. Sakumaha nu ditétélakeun ku William R. Bascom (dina

Dananjaya, 1994), yén salah sahiji fungsi folklor nu patali jeung toponimi nya éta minangka sistim proyeksi (*projective system*), salaku alat pikeun répléksi pangharepanana.

Dina budaya Sunda kiwari pola toponimi téh karasa beuki ngaloncéran. Toponimi nu nyampak jeung diparake téh tara nyukcruk *asbabun nuzuha* atawa ma'na nu dikandungna. Nu penting ngalagena jeung éndah karasana.

Kasus *kahiji*, ari toponimi téh mangrupa produk folklor lisan, munasabah dina emprona dituliskeun atawa dilisankeun (da tatalépa téa) loba hal nu ngésér wangunna anu antukna ngarobah ogé kana ma'nana téa. Geura wé: *Cidéng* (Cihideung), *Jingjingrigil* (tina Jeungjingrigil), Komsén (tina Kong Séng), *Légok* (tina Legok), Sampuréndéng (Sempur réndéng) jrrd. *Kadua*, kawijakan pamaréntah Jawa Barat, hususna di Bandung, kurang ngalibetkeun (tara koordinasi heula) jeung para tokoh (adat). Kawijakan pamarentah téh aya kesan sangeunahna napelkeun ngaran pahlawan dina jalan atawa kawasan. Lain teu meunang, lain ulah. Sabab da ari masarakat mah geus ngeunaheun atawa beukieun kénéh nyebut Cipaganti batan RAA. Wiranatakusumah, Saritem batan....., Pasirkaliki batan Wahid Hasyim jrrd. Ari pangabeuki atawa karesep téa kapan teu tiasa dipadungdengkeun. Sanés?

Nu pangpatalna, holna téh ti pihak pengembang perumahan (*real estate*), bet sangeunahna pisan, éta tempat téh hayoh dingaranan nu maké *Indah*. Apan nurutkeun ajén inajén budaya Sunda jeung nurutkeun makna léksikal ogé kapan *indah* téh hartina murus atawa méncrét. Cag!

\* *Lektor Kepala*, ngajar di Jurusan Bahasa Sunda FPBS UPI.